CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #४७

१२ ।४ ।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## सरकार निम्न मापदण्डके आधारमे परीक्षा सञ्चालनके तैयारी कलरहल छै

१. परीक्षा सञ्चालन सँ पहिले आ परीक्षा सञ्चालनके बाद परीक्षा हल, कार्यालय कक्ष, शौचालय, गेटके हयाण्डल, बिजुलीके स्वीच आदिसभके अनिवार्य रुपमे नि:संक्रमित करब कराएब।

२. परीक्षा केन्द्रके मुल गेटमे कर्मचारी, सुपरिवेक्षक, सम्बन्धित परीक्षार्थी आ आरो प्रवेश करवला आदमीके अनिवार्य रुपमे तापक्रम लेबके व्यवस्था करब ।

३. तापक्रम मापन करवला आदमीके सुरक्षा कवच लगाक कम्तिमे दू मिटरके दुरी कायम होई तेना क तापक्रम मापनके व्यवस्था करब ।

2M+

४. बुखार आएल आ सर्दी लागल बिमारीके परीक्षा केन्द्र प्रवेशमे रोक लगाएब आ तेहन आदमीके नजिकके स्वास्थ्य केन्द्र पठाबमे सहयोग करब ।

५. परीक्षा केन्द्रके मूल गेटपर साबुन पानी सँ हाथ धोएबके आ सेनिटाईजरके व्यवस्था करब ।

स्रोत: https://moe.gov.np/assets/uploads/files/Guideline.pdf

# नेपाल अपडेट



प्रदेश नं. २ के विद्युत वितरण केन्द्र जलेश्वरमे सामाजिक दूरी तथा मास्कके प्रयोग बिना बिजुलीके महसुल बुझाबवलासभके भीड

तस्बिर: राकेश प्रसाद चौधरी

**परिक्षण**

पिसिआर परिक्षण: ३,४७,२७५

पोजेटिभ: १८,७५२

उपचाररत: ४,९५०

मृत्यु : ४८




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



सरकारद्वारा लकडाउन खोललाके बाद कोरोनाके संक्रमण बैढ़रहल छै कहैत छै न ।

लकडाउन सँ ५ दिन पहिलेके जम्मा दैनिक परीक्षणमे संक्रमण पुष्टि होबवलाके संख्या औसतमे ३.२% रहल छलै । तहिना कलक सरकारद्वारा लकडाउन खुला केलाके बादके ५ दिनके जम्मा परीक्षण मे सँ संक्रमण पुष्टि होबवलाके संख्या औसतमे ३.३% रहल स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय जनौने अछि । संक्रमणके दर बढ् नै दैला लकडाउन खुला के बादो स्वास्थ्य सुरक्षाके मापदण्ड पालना केनाई अत्यन्त जरुरी छै ।

स्रोत: https://www.facebook.com/mohpnep/



कोरोना रोकथाममे केन्द्रित सरकारद्वारा बाईढ आ भूस्खलनसँ विस्थापितके पुनर्स्थापित करैला कि करतै ?

विपदके घटनामे पईर खाद्यान्न तथा अखन बसोबास करहल घर पूर्ण रुपमे नष्ट भेलामे या पूर्ण रुपसँ नष्ट नै भेलाके बाद सेहो सम्भावित खतरासँ बचके लेल सुरक्षित स्थानमे नयाँ घर निर्माण करपरवला भेलामे जिल्ला विपद् व्यवस्थापन समितिसँ निर्णय कराक प्रति परिवार रु १ लाख उपलब्ध कराएब कहने अछि । लेकिन, ई व्यवस्था दोसर स्थानमे बसोबास करबला घर नै भेलसबके लेल मात्रे छै । बाईढ, भूस्खलन डुबान तथा कटान लगाएतके कारण घरबार विहिन भेल परिवारके लेल २०७२ सालक भूकम्प पीडितके प्रदान कएलगेल विधि आ प्रकृया सँ शहरी विकास मन्त्रालय आवास निर्माण करके व्यवस्था मिलाओत ।

स्रोत: https://www.moha.gov.np/



कृषकसभ जेनातेना बर्षे बाली त लगौलक, लेकिन जरुरतके मल कत, कहिया आ के उपलब्ध कराओत से त बुझले नै अछि ।

सरकार अई सँ पहिलेहे कोरोना संकटके बीचमे सेहो कृषि क्षेत्रके प्रभावित होब नै देब कहने छलै । लेकिन अई सम्बन्धी शिकायत अखनो आबि रहल छै । धान, मकै, मरुवा लगायत आरो बाली लगा लेलापर जरुरत परवला मल, औजार, किटनाशक दवाई किन पाबवला जगह, आधिकारीक सम्पर्क व्यक्तिके नाम आ फोन नम्बर सहित स्थानीय भाषा आ सञ्चार माध्यम मार्फत किसानके जानकारी करावैला कहिक राष्ट्रिय सूचना आयोग कृषि तथा पशुपंक्षी मन्त्रालयके निर्देशन जारी क चुकल छै । अईके लेल सम्बन्धीत कार्यालयमे सूचनाके हक प्रयोग कलक सेहो सूचना माँगल जा सकैत अछि ।

स्रोत: https://nic.gov.np/mydata/165/1590555283.adesh9.pdf



साउन १५ गते सँ विद्यालय खुलत से हल्ला छै । फेर सरकार भादव १ गते सँ पहिले लम्बा दूरीके यातायात बन्द रहत कहने छै । घर गेलसभ केना एतै ?

निजि विद्यालयसभके साउन १५ गते सँ विद्यालय खुलत कहलाक बादो, अई सँ पहिले साउन ५ गते बैसल मन्त्रिपरिषदके बैठकसँ निर्धारित मापदण्ड प्रयोग कलक भादव १ गते सँ विद्यार्थी भर्ना आ परीक्षा सञ्चालन कर पाओत कहने छै । लेकिन, दोसर सूचना सँ मिति नै तोकला तक शैक्षिक संस्थासभके नियमित गतिविधि सञ्चालन नैरकला कहिक स्पष्ट केने छै ।

स्रोत: https://mocit.gov.np/categorydetail/cabinet-2077-04-05

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ






COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ

३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्मा रहेका नेपाली कामदार

| | साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| नेपाली | ३,३४,४५१ | ७१,१९३ | २६,००० | ४,०६,९१७ | २,२४,९०५ | १७,०५७ | ५,००,००० | ३८,८६२ |
| संक्रमित | २,६६,९४१ | ६३,७७३ | ३९,१३१ | १,०९,३०५ | ५८,९१३ | ७६,००५ | ८,८९७ | १४,१७५ |
| नेपाली संक्रमित | १,७५० | १५०० | ४५१ | २०,६०० | २००० | ४५ | ८१ | |
| मृत्यु भएका नेपाली | ९ | ७ | ३ | १६ | ३० | १ | | |




स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## अन्तरराष्ट्रिय उडानके लेल एकहप्ते उडान तालिका सार्वजनिक

२०२० अगस्त १ सँ अन्तरराष्ट्रिय उडान शुरु होबवला छै तैयो अखन चार्टर उडानसभ सूचारू भेल छै । एक सप्ताहके लेल निचा देलगेल अनुसारके उडान तालिका जारी भेल छै ।

### मलेसिया

११ टा उडान, ३ टा एयरलाईन्स (नेपाल एयरलाईन्स, हिमालय एयरलाईन्स, मलिन्डो एयर)
उडान अगस्त १, २, ३, ४, ६, ७, ८ मे हेतै ।

### साउदी अरव

९ टा उडान, २ टा एयरलाईन्स (नेपाल एयरलाईन्स आ हिमालयन एयरलाईन्स)
उडान रियाद आ दमामसँ अगस्त ५,६,७, ८ मे हेतै ।

### कुवेत

५ टा उडान, ३ टा एयरलाईन्स (नेपाल एयरलाइन्स, हिमालयन एयरलाईन्स, जजिरा एयरलाईन्स)
उडान ३१ जुलाई, २ अगस्त आ ५ अगस्तमे हेतै ।

### यू.ए.ई.

१७ टा उडान, ५ टा एयरलाईन्स (नेपाल एयरलाईन्स, हिमालयन एयरलाईन्स, फ्लाई दुबई, एयर अरेबिया, ईतिहाद एयरवेज)
उडान आबुधावी आ दुबईसँ अगस्त १,२,३,४,५,६,७, ८ मे हेतै ।

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## संघिय सरकार

**जम्मा**

तिन पटक गरेर नेपाल सरकार अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याईएको

करिब १ अर्ब ४८ करोड

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमा जम्मा

करिब २ अर्ब २६ करोड

**दाता**

ए.डि.बि.
करिब ३० अर्ब ३३ करोड

विश्व बैंक
करिब ३ करोड ४८ लाख

आई.एम.एफ.
करिब १५ अर्ब ८८ करोड

युरोपियन युनियन
करिब ९ अर्ब ९४ करोड

**खर्च**

कोरोना भाईरस विरुद्धका गतिविधिमा नेपाल सरकारले गरेको खर्च स्वास्थ्य मन्त्रालयलाई निकासा

करिब ४ अर्ब १० करोड

रक्षा मन्त्रालय मार्फत कोरोना रोकथाम र नियन्त्रणका लागि चाहिने स्वास्थ्य उपकरण खरिदको लागि

२ अर्ब ३४ करोड निकासा

## प्रदेश सरकार

| प्रदेश | प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती प्रदेश | गण्डकी प्रदेश | प्रदेश ५ | कर्णाली प्रदेश | सुदुरपश्चिम प्रदेश |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| जम्मा रकम | करिब २९.४ करोड | करिब २६.६ करोड | करिब ४२.९ करोड | करिब १८.३ करोड | करिब १५.६ करोड | करिब २५.४ करोड | करिब ४२.५ करोड |
| खर्च गरिएको रकम | करिब १९.३ करोड | करिब १३.३ करोड | करिब १३.६ करोड | करिब १५.४ करोड | करिब ७.७९ करोड | करिब २३.९ करोड | करिब ३६.४ करोड |

## आ.व. २०७५/७६ मे कर्णाली प्रदेशके बेरुजुके अवस्था







जम्मा लेखा परीक्षण करलगेल रकम

**१९ अर्ब**

जम्मा लेखापरीक्षण करेने कार्यालय **१३४**

बेरुजु देखाएल कार्यालय **७५**

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## आर्थिक वर्ष २०७५/७६ मे कर्णाली प्रदेशके खर्च बेरुजु देखाएल मन्त्रालयके तुलनात्मक अध्ययन




सुदूरसपश्चिम प्रदेशमे जम्मा ५१ करोड ७० लाख खर्च बेरुजु देखाईत छै । जे ओकर जम्मा लेखा परीक्षण भेल रकमके २.७२% छै । करिब ५६% (१३४मे सँ ७५) कार्यालयसभमे खर्च बेरुजु भेल देखलगेल छै, जे कि कनि बेसी छै । सुदूरपश्चिम प्रदेश जहिना (अगिला बुलेटिनमे प्रस्तुत), कर्णाली प्रदेशमे सेहो पेश्कीमे बेरुजु (४५%) बहुते छै । तहिना कलक, प्रमाण कागजात पेश नै भेल बेरुजु करिब ३३% रहल छै । पर्याप्त प्रमाण कागजात पेश नै कलक कएलगेलाके कारण खर्चसँ कार्यालयके नैतिकता उपर प्रश्न उठबै छै । एकरा रोकके लेल तत्काल पहल केनाई जरुरी छै ।

जम्मा बेरुजु मे सँ भौतिक पूर्वाधार विकास मन्त्रालय आ सामाजिक विकास मन्त्रालयके समग्र बेरुजु मात्रे ६४% छै । अई सँ या त प्राथमिक क्षेत्रमे बजेट छुट्याएल नै गेल छै या त नागरिकके जरुरत कि छै से बातके प्रभावकारी विवरण तैयार नै केलगेल छै से देखाबैत छै । अहिना कलक, भूमि व्यवस्था, कृषि तथा सहकारी मन्त्रालयमे (जम्मा बेरुजुके २३%) आ उद्योग, पर्यटन, वन तथा वातावरण मन्त्रालयमे (जम्मा बेरुजुके १२%) सेहो बड्का रकम बेरुजु देखेनाई सँ स्थानीय स्तरमे प्रभावकारी रुपमे विकास होब नै सकल छै कहिक देखाबैत छै । वित्त अनुशासन कायम गरेनाई आ हुनकासभके ओ काजके लेल उत्प्रेरीत केनाई मुख्यमन्त्रीके कार्यालयके प्रमुख जिम्मेवारी छै । यद्यपी, कानुन विपरीत कर्णाली प्रदेशक मुख्यमन्त्रीके कार्यालयसँ प्रेस सल्लाहकार, राजनीतिक सल्लाहकार आ जनसम्पर्क सल्लाहकारसभके सेहो तलब देने छै ।

नोटः हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भलक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कलक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कलक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।



## निर्मला शाही

उप-प्रमुख

मण्डनदेउपुर नगरपालिका, काभ्रेपलाञ्चोक

"शुरुमे मण्डनदेउपुर नगरपालिका वडा नं ६ मे रहल विद्यालयमे क्वारेन्टाईन बनेलौ तैयो ओत काज करवला आ खाना पकाब(वला आदमी नै पाब सकलौ । हमरासभलग एम्बुलेन्स, स्वास्थ्यकर्मी आ स्वास्थ्य सामग्री तैयारी अवस्थामे राख करिब १५ दिन लागल । एते व्यवस्था केलाके बाद सेहो क्वारेन्टाईनमे आदमी रहैला नै मानवला अवस्था छलै । वैदेशिक रोजगारी सँ आएल आदमीके समुदायके लोक अपने नुकाब लागलाके बाद हमसभ प्रहरी प्रशासन लगाक क्वारेन्टाईनमे लजाईला बाध्य भेलौ । लेकिन, हमसभ सामाजिक सचेतना जगाब माइकिङ कर लगलाके बाद समुदाये सँ क्वारेन्टाईनमे आदमी राख परत कहिक फोन आब लागल ।"



## कल्पना श्रेष्ठ

उपाध्यक्ष

भुम्लु गाउँपालिका, काभ्रेपलाञ्चोक

"दुर्गम गाउँपालिका भेलाके बादो बाहरसँ गाउँपालिका प्रवेश करवला एकटा मात्रे बाट भेलाके कारण चेकजाँच करनाई बहुते आसान भेलै । तैके लेल भुम्लु गाउँपालिका आ पडोसी चौरी(देउराली गाउँपालिका संयुक्त रुपमे दोलालघाटमे नाका प्रवेश करसँ पहिले स्वास्थ्य परीक्षणके व्यवस्था केलौ । तै सँ बढिया देलकै । तहिसंगे अत्यावश्यक रहल स्वास्थ्य सामग्रीसभ किननाई, स्वास्थ्य संस्थासभमे पूर्वाधारके विकास आ क्वारेन्टाईनके व्यवस्थापनमे हमसभ सकृयता जनेलौ । सही सूचना देबके लेल हमसभ स्वास्थ्यकर्मी, शिक्षक तथा जनप्रतिनिधीसभके समन्वयमे सचेतना फैलाबके साथे रेडियोमे सूचना बजाबके काज सेहो कलौ । अईके कारण सँ सेहो हमरसभके पालिकाके बडेका जोखिम उठाब परल नै अछि ।"



## उज्वल अधिकारी

स्वास्थ्य शाखा प्रमुख

पाँचखाल नगरपालिका, काभ्रेपलाञ्चोक

"सरकार लकडाउनके घोषणा केला संगे हमसभ स्वास्थ्यक(र्मीके लेल समुदायमे संक्रमण फैल नै देब, स्वास्थ्य संस्था सुरक्षित रुपमे चलाब, स्वास्थ्य संस्थामे आवश्यक रहल स्वास्थ्य सामग्री आ दवाईके व्यवस्थापन बहुते चुनौतीपूर्ण बिषय छलै । जनप्रतिनिधीसभके हौसला आ जिला स्वास्थ्य कार्यालयसँ आएल निर्देशिका सँ काज केनाई बहुते आसानी भेलै । गलत सूचनाके कारणसँ किछ तनाव सेहो झेललौ, लेकिन अई सँ हमरासभके काजमे असर नै परल । सब स्वास्थ्य चौकीमे स्वास्थ्यकर्मीसभके उपलब्धता क्वारेन्टाइनके व्यवस्थापन, आइडिटीके चेकजाँचमे हमसभ सजग भेल छी । कोरोना अखनो खतम नै भेल छै, तैके लेल हमसभ सामाजिक दुरी कायम राखनाई, मास्कके प्रयोग कर आग्रह कलरहल छी ।"

# कोभिड - १९ सँ अपनासभके व्यक्तिगत वित्त व्यवस्थापनके विषयमे कि सिखेलक त ?



आर्थिक भविष्य बढिया बनाब आईके दिनमे व्यक्तिगत वित्त व्यवस्थापन करनाई सिखनाई एक अति महत्वपूर्ण कला सावित भेल छै । यदि ककरो जीवनमे दिर्घकालीन असरके छोड्बै त कोभिड - १९ सँ आनल आर्थिक संकट सबके लेल बराबर हेतै । संकटके कारण बजारके आकार संकुचित होबवला भेलासँ, अईसँ व्यवसायी, नौकरीहारा आ सरकारसभक बीचमे सेहो आर्थिक रुपमे त्रासके वातावरण निर्माण केने छै । एहन अनिश्चितताके समयमे व्यक्तिगत वित्त व्यवस्थापन सामान्य अवस्थाके तुलनामे बेसी महत्वपूर्ण होईछै ।

अपनासभके व्यक्तिगत वित्त व्यवस्थापन क्षमताके अभिबृद्धी कर डिजिटल सेवाके प्रयोग एक प्रमुख आ प्रारम्भिक उपाय छै । डिजिटल सेवासभ जेना, ई-वालेट, इन्टरनेट बैंकिङ, मोबाईल बैंकिङ, अनलाईल किनबेच तथा भुक्तानीके व्यक्तिगत वित्त व्यवस्थापनके विकल्पके रूपमे लऽसकैत छी । आर्थिक लेनदेनके लेल डिजिटल माध्यमके प्रयोगसँ अपनासभके निचा देलगेल तरिकासँ सहयोग करत:



१. अईसँ अपनासभके आम्दनी आ खर्चके तेसर आईखँ सँ देखमे सहयोग करत ।
२. अईसँ अपनासभक तत्कालिन, मध्यम आ दीर्घकालिन रुपमे आर्थिक लक्ष्य निर्धारण कर मार्ग निर्देशन करत ।
३. अईसँ अपनासभके बजेटके योजना बनाब आ कार्यान्वयन कर प्रोत्साहित करत आ अपनासभके जरुरत आ ईच्छाके आँकलन कऽक पैसा खर्च करवला सचेत उपभोक्ता बन सहयोग करत ।
४. अईसँ अपनासभके लेनदेनके विस्तृत विवरण लेखांकन कर आ बचतके अद्यावधिक विवरण देख सहयोग करत ।

## सरकारके सहयोग

नेपाल सरकार सेहो नागरिकसभके कागजी नोटसँ कोभिड-१९ के संक्रमण होब सकवला जोखिमके कम कर डिजिटल कारोबार कर प्रोत्साहित कऽरहल छै । सरकारद्वारा डिजिटल आर्थिक लेनदेनके प्रोत्साहित कर निचा देलगेल पहल केने छै :

### मोबाईल तथा इन्टरनेट सेवासँ आर्थिक कारोबार कर निम्नानुसार सिमा तोकलगेल छै :

| क्र.स. | माध्यम | प्रति दिन कारोबार सिमा रु. | प्रति महिना कारोबार सिमा रु. |
|---|---|---|---|
| १ | मोबाईल बैंकिङ (QR कोड भेल) | १,००,००० | १०,००,००० |
| २ | इन्टरनेट बैंकिङ (मर्चेन्ट पेमेण्ट) | १०,००,००० | ३०,००,००० |
| ३ | इन्टरनेट बैंकिङ (अकाउन्ट ट्रान्सफर) | १०,००,००० | ५०,००,००० |

### मोबाईल वालेट सेवासँ आर्थिक कारोबार कर तोकलगेल सिमा निम्नानुसार छै

| क्र.स. | पैसा ट्रान्सफर | प्रति कारोबार | प्रति दिन | प्रति महिना |
|---|---|---|---|---|
| १ | एजेण्ट तथा सब-एजेण्टसँ वालेटमे | – | २५,००० | १,००,००० |
| २ | बैंक खातासँ वालेटम | २५,००० | १,००,००० | ५,००,००० |
| ३ | वालेटसँ बैंक खातामे | २५,००० | १,००,००० | ५,००,००० |
| ४ | वालेटसँ वालेटमे | २५,००० | १,००,००० | ५,००,००० |

डिजिटल भुक्तानीके प्रयोगसँ अपनासभके आरो बेसी जिम्मेवार आ कारोवारके पारदर्शी बनाब सहयोग करत ।

गौरव थापा
सह-संस्थापक/निर्देशक, फिनलिट नेपाल

सही सूचना

# कोरोना भाईरससँ सबसँ बेसी जोखिम जिलासभ




उपरका ग्राफसँ १०० टा या तैसं बेसी कोभिड-१९ के सक्रिय केससभ रहल संख्या भेल नेपालके जिलासभ देखाबैत छै । अखन ई जिलासभमे मात्रे जम्मा ३८३५ सक्रिय केससभ छै । जे कि जम्मा सक्रिय केसके ७० प्रतिशत छै । अखन समुदाय स्तरमे सेहो कोभिड-१९ के संक्रमण फैलल पुष्टि भलचुकल छै । एकर उदाहरणके रुपमे पर्सा जिलाके लेल जासकैय । किछ जिलासभ जेना, रौतहट, कैलालीमे शुरुए सँ संक्रमितके संख्या बहुते रहल छलै । लकडाउन ढिला भेलाकेबाद काठमाण्डौमे सेहो संक्रमितके संख्या तिव्र रुपमे बैढ्रहल छै । सरकार कोरोना भाईरस नियन्त्रणके प्रयास करहलाके बाबजुदो नागरिकके अपने सजग भेनाई सेहो ओतबे जरुरी छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि मई महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219